



Pou Piblikasyon Imedya: 26/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AK MAJISTRA DE BLASIO ANONSE GEN 27 MILYON DOLA KI DISPONIB POU SIPÓTE SOULAJMAN APRE OURAGAN IDA POU NOUYÒKÈ KI PA GEN PAPYE YO

Òganizasyon kominotè yo chwazi nan zòn ki afekte yo pral ede sivivan ki pa gen papye yo resevwa èd pou rekiperasyon

Òganizasyon san bi likratik yo chwazi yo ap travay dirèkteman ak rezidan ki pa kalifye pou èd FEMA yo

Pwogram nan ap ouvri 27 septanp - Rezidan yo ta dwe rele liy ijans ONA a nan [1-800-566-7636](tel:1-800-566-7636) pou èd sou ki kote pou aplike

Gouvènè Kathy Hochul ak Majistra Bill de Blasio te anonse jodi a, gen 27 milyon dola ki disponib pou bay soulajman pou sivivan tanpèt ak inondasyon akòz dega Ouragan Ida ki san papye yo. Y ap distribye finansman sa atravè sibvansyon bay yon rezo òganizasyon kominotè ki etabli epi k ap bay yo a Nouyòkè ki pa kalifye pou resevwa asistans pou rekiperasyon apre katastwòf nan Pwogram Asistans Endividyèl FEMA oswa lòt mwayen.

"Lè mwen te wè devastasyon Ouragan Ida, mwen te pwomèt n ap fè tout sa ki nan pouvwa nou pou ede kominote ki afekte yo rekipere, epi finansman sa se yon akonplisman pwomès sa", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak resous sa yo ki dedye pou Nouyòkè ki pa gen papye ki pa kalifye pou soulajman FEMA yo ak patenarya ak òganizasyon ki sou tereen yo, nou ka konble eka nan asistans ak èd pou Nouyòkè ki nan bezwen yo. Mwen ankouraje tout moun New York ki kalifye yo pou aplike pou finansman yo bezwen pou rekonstrui a."

"N ap asire ke Nouyòkè yo gen aksè nan èd yo bezwen pou rekipere apre enpak devastan Ouragan Ida yo," **Majistra Bill de Blasio te deklare.** "Kèlkeswa estati papye yo, n ap jwenn sipò pou viktim ki pi resan nan kriz klimatik nou an epi nou la pou ede yo nan chak etap nan wout la."

Pwogram sa te jere pa Biwo pou Nouvo Ameriken (Office for New Americans, ONA) Eta New York la epi l ap sible moun ki pa gen papye ki sitiye nan konte yo deziyen nan Deklarasyon Gwo Katastwòf Prezidansyèl la ki apwouve pou Èd Endividyèl, ki enkli Bronx, Kings, Nassau, Queens, Richmond, Suffolk, Westchester ak Rockland. Yon

gwoup òganizasyon san bi likratif ap bay enfòmasyon, asistans ak èd pou rezidan ki te afekte pa tanpèt la.

Anons jodi a apiye angajman Eta ak Vil la pou sipòte òganizasyon san bi likratif sa yo nan yon efò asosye pou distribye èd.

Òganizasyon sa yo ap bay asistans:

- **Bronx - Catholic Charities Community Services**, 402 East 152nd Street, Bronx, NY 10455
- **Brooklyn - Chinese American Planning Council**, 4101 8th Ave, 4th Floor, Brooklyn, NY 11232
- Queens - MinKwon, 133-29 41st Avenue, Suite 202, Flushing, NY 11355
- Queens - **Make the Road**, 92-10 Roosevelt Ave, Jackson Heights, NY 11372
- Staten Island - Make the Road, 161 Port Richmond Ave, Staten Island, NY 10302
- Nassau - Economic Opportunity Commission of Nassau County, 134 Jackson Street, Hempstead, NY 11550
- **Suffolk - Make the Road**, 1090 Suffolk Ave, Brentwood, NY 11717
- **Westchester & Rockland - NeighborsLink**, 27 Columbus Ave, Mount Kisco, NY 10549

Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare, "Domaj Ouragan Ida yo te detui kay ak betay anpil moun apre pasaj li, patikilyèman imigran ki afekte nan tout vil la. Gras ak lidèchip Gouvènè Hochul, Biwo pou Nouvo Ameriken Eta New York la pare pou anplwaye resous nou yo pou ede konekte tout Nouyòkè ki san papye ak soulajman ki tèlman nesèsè pou ede yo rekonstui."

Sipèentandan pa Enterim Sèvis Finansye a, Adrienne A. Harris, te deklare. "Nouyòkè ki san papye yo se yon pati vital nan tisi ki fè kominote nou yo solid epi yo te ede kenbe New York solid pandan pandemi sa. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li asire ke finansman ak soulajman sa disponib pou ede tout sila ki afekte pa Ouragan Ida yo. Pèsonèl DFS la rejwenn efò repons inisyèl sa epi yo te obsève an premye ke fon ki te distribye jodi a ap ede livre soulajman finansye ki enpòtan k ap asire ke kominote ki afekte nou yo leve ansanm."

Manm Asanble Catalina Cruz te deklare, "Anpil moun nan kominote nou an te pèdi tout bagay apre inondasyon devastan Ida te lakoz la. Nan biwo nou an sèlman nou te genyen pou di plis pase 25 fanmi ke pa gen okenn resous ki egziste pou ede yo nan moman yo bezwen an. Gouvènman federal la dwe bay menm resous ki disponib pou sitwayen yo pou tout moun ki te afekte yo, ki enkli vwazen ki pa kalifye akòz estati imigrasyon yo. Mwen tèlman rekonesan ak Gouvènè Hochul pou Fon Soulajman Ida a pou Nouyòkè ki Ekskli yo, yon efò imanite ki tèlman nesèsè k ap sipòte vwazen ki pi vilnerab yo, ki otremant ap rete san anyen menm."

Òganizasyon patnè ki san bi likratif yo ap kòmanse bay asistans epi aksepte aplikasyon lendi 27 septanm 2021. Peryòd aplikasyon an ap fèmen vandredi 26 novanm 2021. Pou kalifye pou pwogram sa, aplikan yo dwe a) pa kalifye pou asistans FEMA a epi b) pa

gen yon moun nan fanmi yo ki kalifye pou asistans.

Pou konekte ak asistans, rezidan ki afekte yo ta dwe rele Lij ijans ONA a nan [1-800-566-7636](tel:1-800-566-7636) 9:00am pou 8:00pm, lendi rive vandredi oswa vizite patnè san bi likratif yo apati 27 septanm. Lij ijans lan disponib nan plis pase 200 lang.

Gouvènè Hochul te anonse anvan lansman nouvo sant resous sou entènèt pou Nouyòkè ki afekte yo, disponib nan ny.gov/lda. Sant lan bay enfòmasyon sou pwogram asistans ki disponib yo ak kote pou jwenn sèvis tankouabri epi aksè ak manje. Yo pral mete enfòmasyon sou sit la ajou amezi gen plis resous pou Nouyòkè yo ki vin disponib.

Biwo pou Nouvo Ameriken (Office for New Americans, ONA) Eta New York la, ki te fonde an 2012, se premye biwo legal nan peyi a pou sèvis imigran yo. ONA ede tout nouvo Ameriken ki gen aksè epi k ap navige nan plizyè sèvis gratis epi sipòte yo atravè rezo founisè kominotè li a nan tout eta a.

Direktè Jeneral Catholic Charities New York la Monsenyè Kevin Sullivan, te deklare, "Konsekans ijans ak katastwòf difisil pou jere pou moun ki afekte dirèkteman oswa endirèkteman, espesyalman pou moun ki pi vilnerab nan kominote nou yo. Catholic Charities (Charite Katolik) rete pare pou sipòte epi ede moun ki afekte pa Ouragan Ida yo epi nou remèsye Gouvènè Hochul ak Eta New York pou resous ak angajman yo pou fè sa sèlman."

Direktè Egzekitif Neighbors Link, Carola Otero Bracco, te deklare, "Li enpòtan anpil ke moun ki nan zòn ki afekte pa tanpèt la jwenn asistans yo bezwen kèlkeswa estati imigrasyon, sitiasyon lojman yo oswa kapasite pou peye pou asirans. Anpil rezidan ki pa gen papyè te sèvi kòm travayè esansyèl epi te jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi nou an, men yo te souvan ekskli yo nan pifò kalite soulajman gouvènman yo. Neighbors Link rekonesan ak Gouvènè Hochul paske li voye je sou moun ki pa kalifye pou lòt soulajman finansye yo epi nou enpasyan pou adeministre plan soulajman apre tanpèt la."

Direktè Egzekitif ak Chinese-American Planning Council, Inc., Wayne Ho, te deklare "Chinese-American Planning Council fyè pou fè patenarya avèk Eta New York pou ede bay soulajman ijans pou imigran ki pa gen papyè ki afekte pa Ouragan Ida yo. Anpil moun ak fanmi ki pa gen papyè pa kalifye pou asistans FEMA. Nou kontan ke y ap mete nouvo resous sa disponib pou ede yo retounen sou pye yo pandan moman difisil sa."

Ko-Direktè Egzekitif nan Make the Road, Theo Oshiro, te deklare, "Inondasyon Ida a te devaste kominote nou yo, ki lakoz domaj enòm nan kay anpil nan Nouyòkè ki pi vilnerab yo. Nou bab bravo pou Gouvènè Hochul paske li pran mezi pou bay soulajman ki enpòtan pou imigran ki ekskli nan asistans federal apre katastwòf la. Atravè fon sa, vwazen ak pwòch nou yo ki nan bezwen pou soulajman ap kapab kòmanse repare kay yo epi avanse ak lavi yo."

Direktè Komisyon Opòtinite Ekonomik Konte Nassau (Economic Opportunity Commission of Nassau County), Eric Poulson, te deklare, "Economic Opportunity Commission of Nassau County, Inc. te nan ban devan pou ede moun ki gen ti revni nan Konte Nassau depi kreyasyon li. Rezidan ki pa gen papye yo patikilyèman vilnerab ak enpak katastwòf epi yo fè fas ak defi ke yo pa resevwa asistans pou rekipere apre katastwòf, lè yo toujou bezwen reponn ak bezwen lojman debaz yo, epi reponn ak bezwen sante ak sekirite pou fanmi yo. Asistans sa vize pou mete jwèt la egal pou rezidan ki pi demini nou yo."

Direktè Egzekitif MinKwon Center for Community Action, John Park te deklare, "MinKwon Center for Community Action fyè pou fè patenarya ak inisyativ enpòtan sa pou konekte resous yo ak imigran ki pa gen papye yo ki afekte pa ouragan Ida. Anpil imigran ki pa gen papye nan New York souvan ki reprezante anpil nan lojman lokatif nan sousòl yo, genyen pèt ki enpòtan lè sistèm egou ak drenaj yo te anvayi pa inondasyon Ida te lakoz yo. Avèk politik federal ki mete baryè pou fanmi ki pa gen papye ki enkli DREAMers yo ki pa resevwa fon soulajman apre katastwòf FEMA a, ou rekonesan pou anons Gouvènman Hochul ak Majistra de Blasio a pou resous ki nesèsè sa epi ki montre ke yo pa ta dwe refize katye nou yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo, èd pou soulajman katastwòf oswa pandemi, men trete yo tankou èt imen ki gen vale ke nou tout ye."

Pou tout imigran ki nan bezwen asistans, oswa pou konekte ak pwogram ONA yo, rele Lij Ijans Nouvo Ameriken an nan [1-800-566-7636](tel:1-800-566-7636) 9:00am jiska 8:00pm, lendi rive vandredi. Tout apèl yo konfidansyèl. W ap jwenn èd disponib nan plis pase 200 lang. Pou plis enfòmasyon, vizite <https://dos.ny.gov/office-new-americans> oswa swiv ONA sou Twitter nan @NYSNewAmericans oswa Facebook nan <https://www.facebook.com/NYSNewAmericans>.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)